दिन—मंगलवार                                                        दिनांक—20.10.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ                                        अवधि — 5 मिनट

———————————————————————————————————————

बुराई पर अच्छाईक जितक प्रतीक विजयादशमिक पावनि आई पारंपरिक हर्ष—उल्लास आ श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। ई पावनि नौ दिन धरि चलय बला नवरात्र आ दुर्गा पूजाक भव्य उत्सवक समापन सेहो अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी सभ के दशहराक शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत्त सैयद अता हसनैन आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी प्रदेशवासी सभ के दशहरा आओर विजयदशमिक शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल अपन संदेश मे जनौलनि अछि जे ई पावनि हमरा सभ के ईमानदारी, सेवा, करुणा जेहेन मूल्य सभ के आत्मसात करबाक प्रेरणा दैत अछि। मुख्यमंत्री अपन संदेश मे लोकसभ सँ आपसी भाईचारा, शांति आओर सद्भावक संग पावनि मनेबाक लेल जनौलनि अछि। उप—मुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आओर बिजेन्द्र प्रसाद यादव, विधान सभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार, विधान परिषदक कार्यकारी सभापति रामबचन राय, विधान सभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव सहित आनो—आन गणमान्य लोक सभ सेहो प्रदेशवासी सभ के दशहराक शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————

विजयादशमिक मौका पर पटनाक ऐतिहासिक गांधी मैदान मे आई रावण दहन कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। एहि बेर नब्बे फीट ऊंच रावणक पुतला जराओल गेल। संगहि कुंभकरणक अस्सी फीट आओर मेघनाथक पचासी फीटक पुतला बनाओल गेल छल। राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल (सेवानिवृत्त) सैयद अता हसनैन कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। एहि बिच मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उप—मुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य सभ छलाह। रावण दहन कार्यक्रम के लय कऽ सुरक्षा करगर बनल रहल। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे विभिन्न जिला मुख्यालय सभमे सेहो रावण दहन कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

————————————————————

राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ (आर.एस.एस.) प्रमुख डॉ. मोहन भागवत आई नागपुरक रेशिमबाग मैदान मे संघक वार्षिक विजयादशमी उत्सव समारोह के संबोधित कएलनि। ओ जनौलनि जे देश के तोड़बाक कोशिश करयवाला ताकत रणनीतिक संग काज कऽ रहल

अछि। एहि सभ सँ सतर्क रहबाक अछि। श्री भागवत चेतावनी देलनि जे सत्ता बदलिक आंदोलन मूलभूत समस्या सभक समाधान नहि करैत अछि। डॉ. भागवत जनौलनि जे विरोध प्रदर्शन राजनीतिक हितक हथियार बनि सकैत अछि आओर समाधान करबाक बदला समाज के बांटय लेल बढ़ावा दऽ सकैत अछि। श्री भागवत आई भोर मे उत्सवक मौका पर शस्त्रपूजन सेहो कएलनि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पोस्टमे जनौलिन जे सर–संघचालक डॉ. मोहन भागवत राष्ट्रीय प्रगति, सामाजिक एकता आओर समाज के सशक्त बनेबाक लेल सहित व्यापक मुद्दा सभ पर बात जनौलिन। सेवा आ राष्ट्र निर्माणक लेल हुनक विशेष जनतबक चर्चा करैत श्री मोदी जनौलिन जे डॉ. भागवत पंच परिवर्तन आ सकारात्मक सामाजिक परिवर्तन मे योगदान करबाक उपाय सेहो गप जनौलिन।

———————————————————————

जदयू परिसीमन विधेयक पर केंद्रीय मंत्री किरेन रिजिजूक जनाओल गेल गपक समर्थन कयलक अछि। जदयूक वरिष्ठ नेता आओर प्रवक्ता राजीव रंजन प्रसाद जनौलिन जे परिसीमन जरूरी अछि, मुदा कांग्रेस पार्टी अपन स्वार्थ लेल एहि के टारय चाहैत अछि। ओ जनौलिन जे कांग्रेस के ई बिलक समर्थन करबाक चाही, किएककि एहिसं सं महिला सहित समाजक सभ वर्ग के लाभ भेटत।

———————————————————————

बिहार विधान परिषदक आठ सीट लेल तैईस अक्टूबरक कऽ होयबला मतदान के लऽकऽ निर्वाचन आयोग तैयारी के अंतिम रूप देबय मे लागल अछि। ओतहि, कतेको पार्टीक नेता आओर कार्यकर्ता सभ अपन–अपन उम्मीदवार सभ के जीतेबाक लेल जनसम्पर्क कऽ रहल छथि। ओतहि, उम्मीदवार सभ मतदाता लोकनि सँ अपन–अपन पक्षमे मतदान करबाक लेल पसिना बहा रहल छथि। निर्वाचन आयोग जनौलक अछि जे मतदाता फोटो पहचान पत्र, आधार कार्ड, ड्राइविंग लाइसेंस, पैन कार्ड सहित एगारह दस्तावेजक आधार पर मतदान कऽ सकताह।

———————————————————————

दशहराक कारण आई होयबला सहयोग शिविर कार्यक्रम काल्हि होयत। दरभंगा जिला प्रशासन सहित कतेको जिला प्रशासन एहि लेल अधिसूचना जारी केलक अछि। पंचायत स्तर पर लगयबला एहि शिविर मे लोकसभक समस्याक स्थानीय स्तर पर निदानक संगहि कतेको सरकारी कल्याणकारी योजना सभक जनतब देल जायत अछि।

———————————————————————————

बेगुसरायक सिमरियाक धाम में कल्पवास मेला शुरू भऽ गेल अछि। सिमरियाक गंगा घाट पर एक मास धरि चलय वाला पवित्र कल्पवास मेला जे चौबीस नबम्बर धरि चलत। श्रद्घालु सभ गंगा नदी में आस्थाक डुबकी लगा रहल छथि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक कतेको थाना क्षेत्र मे छापा मारिकऽ पुलिस स्मैक आओर देशी शराबक संग पंद्रह आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि। हुनका सभक लग सँ आनो–आन आपत्तिजनक सामान सेहो बरामद कएल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त